



Dènnye fwa yo revize li, 13 Out 2020

Fè fas ak COVID-19

[Toujou konnen dènnye enfòmasyon sou lasante yo](#)

[Jwenn manje](#)

[Jwenn sèvis telefòn ak sèvis entènèt wifi](#)

[Èd lojman, peye lwaye, e/oswa anpeche yo mete moun deyò nan kay](#)

[Sèvis piblik](#)

[Pwogram pou klimatizè](#)

[Edikasyon](#)

[Sèvis Sante Mantal Gratis](#)

[Èd pou itilize sèvis swen sante a Distans](#)

[Jwenn pwogram pou kenbe kò a an sante](#)

[Itilizasyon Dwòg ak Alkòl](#)

[Kachnen](#)

[Sipò pou paran ak moun k ap bay swen yo](#)

[Resous ak èd pou adolesan yo](#)

[Koneksyon nan kominote w la](#)

[Plan pou pitit ou sizoka ou vin malad](#)

Akoz dega san parèy COVID-19 genyen nan vil Nouyòk, ACS ak vil Nouyòk te kreye yon lis èd pou moun ki nan bezwen.

Enfòmasyon ki vin annapre yo ap pèmèt moun k ap viv Nouyòk konekte ak moun pwòch yo atravè resous ak èd chak jou yo ka bezwen, sa gen ladan: jwenn plis manje ak entènèt; èd pou lojman ak lwaye; ak sèvis pou sante mantal ak tretman kont dwòg. Ou ka tcheke tou [HelpNowNYC](#) wè kijan vil Nouyòk ak patnè li yo ap bay èd, oswa pou bay sipò w nan efò k ap fèt pou fè fas ak COVID-19.

Sa ka repreante yon defi lè w se yon paran oswa yon moun k ap bay swen, sitou pandan moman sa. Si ou se yon paran, oswa w ap pran swen timoun ou oswa adolesan, lis ki pi ba a bay enfòmasyon sou kijan pou w retire estrès ou genyen. Ou kapab jwenn tou pworam aktivite sou edikasyon pou timoun ki rete lakay yo.

Si ou menm oswa yon moun ou konnen ap sibi vyolans nan kay oswa vyolyans akòz sèks ou, nou gen èd ki disponib. Rele 311 pou ka konekte ak Sant Jistis famial NYC (NYC Justice Center) ki nan zòn ou an oswa gade nimewo ki pi ba yo. Jwenn èd ak sipò lè w chache [HOPE Resource Directory NYC](#). Rele Liy dirèk NYC pou vyolans nan Kay 24 sou 24: 800-621-HOPE (4673) pou jwenn èd sou planifikasyon sekirite, èd pou lojman, ak lòt èd. TTY: 800-810-7444. Depi gen ijans, rele 911.

Disponib Lendi pou rive vandredi, 9 a.m. jiska 5 p.m.:

Sant Jistis pou Fanmi NYC, Queens rele nan [718-575-4545](#)

Sant Jistis pou Fanmi NYC, Brooklyn rele nan [718-250-5113](#)

Sant Jistis pou Fanmi NYC, Bronx rele nan [718-508-1220](tel:718-508-1220)

Sant Jistis pou Fanmi NYC, Manhattan rele nan [212-602-2800](tel:212-602-2800)

Sant Jistis pou Fanmi NYC, Staten Island rele nan [718-697-4300](tel:718-697-4300)

Biwo Majistra ki la pou mete fen nan Vyolans nan kay ak Vyolans akòz sèks yon moun kreye depliyon (tiliv), resous ak bwat zouti ki kapab enprime nan 11 lang ou kapab jwenn [la a](#).

Toujou konnen dènye enfòmasyon sou lasante yo

Kounye a gen yon nouvo enfeksyon respiratwa ki rele COVID-19 k ap vale teren nan kominote Vil Nouyòk yo. Ou ka jwenn dènye enfòmasyon nan men Depatman Sante ak Ijyèn Mantal nan Vil Nouyòk (New York City's Department of Health and Mental Hygiene, NYC DOHMH) pou kenbe oumenm ak fanmi ou an sekirite ak an sante. Yo pibliye anpil nan [konsèy ak enfòmasyon sou ka nan Vil Nouyòk konsènan maladi sa a](#) (tanpri swiv lyen sa a pou gid DOHMH ki tradui a). Ou ka tèkste "COVID" bay 692-692 pou jwenn dènye enfòmasyon yo nan mesaj tèks.

Sendwòm Enflamatwa Miltisistemik Kay Timoun (Multisystem Inflammatory Syndrome in Children, MIS-C): Nan moman an, Depatman Sante Minisipal ak Eta yo ap mennen ankèt sou yon pwoblèm sante, ki ka danjere anpil oswa ki ka menm touye timoun yo, epi ki ka gen rapò ak COVID-19. Li enpòtan pou paran yo, moun k ap bay swen yo, ak moun k ap travay ak timoun yo konnen pwoblèm sante sa a, paske, menm si nou kontinye pa wè li souvan, li kapab mennen moun nan peyi san chapo si nou pa trete li vit.

Pwoblèm sante sa a, ki gen karakteristik ki sanble ak Maladi Kawasaki ak Sendwòm Chòk Toksik, yo rele Sendwòm Enflamatwa Miltisistemik Kay Timoun (MIS-C epi yo te rele li avan PMIS), epi li ka gen rapò ak COVID-19. Li enpòtan pou rekonèt siy yo, ki gen ladan yon gwo lafyèv ansanm ak lòt sentòm tankou vant fè mal, dyare, vomisman, gratèl, ak men oswa pye anfle. Si yon timoun malad ak yon lafyèv ki pa janm tonbe, tanpri kontakte pedyat li byen vit pou wè si li gen MIS-C. Si yon timoun ki malad grav avèk lòt sentòm (gratèl, vant fè mal, doulè nan pwatrin) ki vini ak yon lafyèv, tanpri rele 911 imedyatman.

- DOHMH [Fèy Enfòmasyon Sou Sendwòm Enflamatwa Miltisistemik Kay Timoun](#) (PDF, 18 me 2020)

Tank paran ak moun k ap bay swen yo kontinye respekte prensip sou distans sosyal yo, yo ta dwe konnen vaksinasyon trèzenpòtan epi se yon rezon valab pou kite kay la. Li enpòtan pou timoun ou an pa rate dat li dwe pran vaksen selon kalandriye vaksen li genyen an. Depatman Sante nan NYC + Lopital yo ap bay [vaksen gratis pou timoun](#) jiska laj 2 zan. N ap siveye avèk atansyon lopital yo pou asire n yo pwoteje epi lopital swiv konsèy pou diminye nivo vizitè kapab an kontak ak jèm yo. Rele [844-NYC-4NYC](tel:844-NYC-4NYC) (844-692-4692) pou planifye yon randevou.

Tanpri al gade nan [Sit entènèt DOHMH la](#) pou jwenn plis enfòmasyon (sa gen ladan dokiman ki tradui yo).

[Retounen anwo nan Paj la](#)

Jwenn Manje

Pou jwenn enfòmasyon konsènan kote yo bay manje ak pwogram ki distribye manje kuit pou timoun ak fanmi nan Vil Nouyòk, pou granmoun ak moun ki pa ka jwenn ase manje yo tou, tanpri gade enfòmasyon ki vin annapre yo:

- [Kote yo bay manje](#)
- [Yon Kat Jewografik pou jwenn kote yo bay manje nan NYC](#)
- **Ministè Edikasyon nan Vil Nouyòk pran angajman pou bay twa (3) repa gratis chak jou pou tout moun k ap viv Nouyòk.** Tout moun k ap viv Nouyòk ki vle kapab jwenn twa (3) repa gratis chak jou nan plis pase 400 Sant kote yo bay manje nan vil la. Pou jwenn kikote, kilè, ak plis enfòmasyon, [klike la a](#). Pa bezwen enskri oswa vini ak ID (kat idantite w).
- [Livrezon Manje Gratis pou Moun ki pa kapab kite lakay yo](#)
- **City Meals on Wheels:** Si ou gen 60 tan oswa plis, ou pa ka fè manje, epi ou rete lakay ou, [klike la a](#).
- [Avantaj SNAP](#)
- [Gid pou Èd Manje nan Katye NYC:](#) Pou ede moun ki bezwen manje nan kominote a, Sant Politik alimantè kolèj Hunter NYC te kreye gid pou jwenn èd manje pandan moman COVID-19 la pou chak katye nan NYC.

Anplisdesa, nou ap eseye ogmante bidjè nou genyen pou manje, eseye reflechi ak nouvo resèt, epi fè tout moun nan fanmi an enplike nan fè manje yon fason pou sa ka pi fasil epi pi amizan. Pi ba a gen kèk mwayen pou ede:

- [My Plate Kitchen](#) bay resèt moun abitye chache sou fòm fòmasyon, nitrisyon, gwoup manje, pri ak ekipman pou fè manje. Yo bay tou resèt SNAP ki bon pou lasante, ki fasil pou prepare, epi ki gen bon gou.
- [Good Housekeeping](#) gen resèt, ide sou preparasyon, ak ranplasman engredyan pou prepare nouvo manje pandan w ap respekte distans sosyal lakay ou.
- [Foodschool](#) bay fòmasyon anliy chak semèn, fòmasyon tout fanmi an ka pwofite.
- [Pwogram alfabetizasyon alimantè](#) bay resèt ki bon pou lasante ak kou kizin pou paran yo fè ak timoun yo.
- [Food52](#) pèmèt moun k ap gade yo jwenn kou kizin avèk 12 chèf pwofesyonèl diferan.

[Retounen anwo nan Paj la](#)

Jwenn Sèvis Telefòn ak Sèvis entènèt wifi

Jwenn sèvis telefòn pòtab, entènèt epi/oswa WiFi kapab fè yon gwo diferans pandan n ap kontinye kenbe distans sosyal, travay lakay epi aprann a distans. Nan moman Ijans COVID-19 la, gen kèk transpòtè ki bay kliyan yo rabè oswa lòt soulajman. Pou jwenn enfòmasyon sou fason pou jwenn sèvis sa yo, tanpri gade enfòmasyon ki vin annapre a oswa kontakte transpòtè w la pou jwenn plis enfòmasyon:

- **Rabè sou Sèvis Entènèt pou fanmi ki gen ti mwayen yo:**
 - Comcast ap bay rabè sou sèvis entènèt pou fanmi ki gen ti mwayen yo, avèk yon sèvis gratis pandan 60 jou, pou nouvo kliyan ki aplike epi ki apwouve jiska 31 Desanm 2020. [Deplase ale nan Comcast](#) oswa rele nan [1-855-846-8376](tel:1-855-846-8376) (Anglè); [1-855-765-6995](tel:1-855-765-6995) (Espanyòl).
 - AT&T bay yon rabè sou sèvis li yo pou fanmi ki pa gen gwo mwayen yo oswa pou moun ki kalifye pou Pwogram Nasyonal Manje nan Lekòl oswa Head Start. Al gade nan [Access from AT&T](#) pou jwenn plis enfòmasyon.
 - Spectrum bay rabè sou plan entènèt yo pou fanmi ki kalifye epi k ap resevwa èd tou nan Pwogram Nasyonal Manje nan Lekòl oswa Revni Sekirite Sipleman (pou moun ki aplike ki gen 65 kan ak plis laj yo sèlman). Al gade nan [Spectrum Internet Assist](#) tou pou jwenn plis enfòmasyon.
- **Telefòn pòtab ak tan antèn gratis ki baze sou revni moun nan:** [SafeLink Wireless](#) se yon pwogram ki jwenn leta sipòte ki bay telefòn ak tan antèn gratis chak mwa pou kliyan ki kalifye selon revni yo. Yon konpayi prive bay sèvis la. Li pa gen rapò ak okenn ajans nan Vil Nouyòk. Swiv [lyen](#) sa a pou jwenn plis enfòmasyon konsènan pwogram nan.
- **Nimewo Telefòn Mobil Founisè:** Gen anpil konpayi telefòn mobil ki te siyen “[Keep Americans Connected Pledge](#)” epi ki asepte sispann anilasyon sèvis yo epi ki abandone frè reta yo pou fanmi ki gen gwo pwoblèm lajan. Ou kapab kontakte transpòtè w la pou jwenn plis enfòmasyon.

[Retounen anwo nan Paj la](#)

Èd lojman, peye lwaye, e/oswa anpeche yo mete moun deyò nan kay

- Si yo prèske mete w deyò oswa gen risk pou antre nan chèltè, kontakte Pwogram Asistans Jiridik ak Pwogram Asistans nan Lwaye [Administasyon Resous Imèn NYC \(Human Resources Administration, HRA\)](#) bay yo.
- Biwo Majistra ki la pou Pwoteje Lokatè yo bay mwayen ak enfòmasyon, sa gen ladan konsèy gratis, koneksyon nan asistans jiridik ak dènye lòd konsènan ijans COVID-19 yo ki ka gen enpak sou kesyon mete moun deyò ak sou Tribunal Lojman an. Al gade nan [sit entènèt](#) yo a oswa rele nan 311 epi mande pou “Sèvis Èd pou lokatè yo”.
- **Moun andikape ki gen gwo pwoblèm anndan sistèm chèltè a:** Kontakte Elizabeth Iannone, ki se Direktè Afè Andikap pou Sèvis Sanzabri nan iannone@dss.nyc.gov
- **Moun Soud ak Moun ki tande di ki bezwen pale ak Depatman Sèvis Sosyal:** DSS ASL Direct disponib. Kontakte Kim Dolan, [347-474-4231](tel:347-474-4231)

- Pou jwenn plis enfòmasyon ak mwayen pou evite yo mete w deyò (sa gen ladan disponiblite liy dirèk ak orè yo), al gade nan [Asosyasyon pou Evite yo mete Sanzabri yo deyò \(Coalition for the Homeless Eviction Prevention Program\)](#).

[Retounen anwo nan Paj la](#)

Sèvis piblik

Depi 13 mas 2020, Sèvis Piblik nan Nouyòk ap travay volontèman pou l pa koupe kouran, chovaj ak dlo pou okenn kliyan.

[Retounen anwo nan Paj la](#)

Pwogram pou Klimatizè

Avantaj pou èd klimatizè

Fanmi ki kalifye yo ap kapab resevwa èd lajan pou achte epi enstale yon klimatizè oswa yon vantilatè (jiska \$800). Se biwo pou Èd Tanporè ak pou moun andikape (This Home Energy Assistance Program, OTDA) nan vil Nouyòk ki mete sou pye Pwogram Èd Enèji nan Kay (Home Energy Assistance Program, HEAP), avèk kolaborasyon Administrasyon Resous Imèn (Human Resources Administration, HRA) nan NYC. Dat limit pou aplike a se dimanch 30 dawout 2020. Pou konnen si w kalifye epi/oswa pou aplike, al gade nan [ACCESS NYC's Cooling Assistance Benefit website](#), rele nan 311, oswa Liy Konferans HEAP la nan [\(212\) 331-3126](#).

Jwenn Pwogram pou Klimatizè

Jwenn pwogram pou klimatizè Si w gen 60 tan oswa plis, ou poko gen yon klimatizè, epi ou deja patisipe nan youn oswa plizyè pwogram Asistans Minisipal, ou kapab kalifye pou resevwa yon klimatizè gratis grasa Pwogram pou klimatizè nan NYC. Pou jwenn plis enfòmasyon epi sou dat limit aktyèl yo, oswa pou konnen si w kalifye, tanpri vizite [Sit entènèt 311](#) la, rele 311, oswa kontakte moun k ap jere kay kote w ye a.

Jere Ijans nan Vil Nouyòk—Goumen ak Chalè a

Pou w jwenn konsèy sou fason pou w rete fre, epi sou kote w ka jwenn yon sant klimatizasyon pandan ijans ki genyen nan moman chalè a, al gade nan paj [Jere Ijans nan Vil Nouyòk -Goumen ak Chalè a](#).

[Retounen anwo nan Paj la](#)

Edikasyon

Tanpri al gade nan [sit entènèt Depatman Edikasyon an \(Department of Education, DOE\)](#) pou w jwenn dènye enfòmasyon sou ane lekòl 2020-2021 an, sa gen ladan l sante ak dispozisyon ki pran pou pwoteje moun, ak modèl aprantisaj ki pral disponib yo.

[Retounen anwo nan Paj la](#)

Sèvis Sante Mantal Gratis

Si w santi w estrese, ou gen enkyetid, oswa ou santi w bout, tanpri konnen w pa poukont ou. Gen èd disponib.

- **NYC Well:** NYC Well pèmèt ou jwenn sipò konfidansyèl sou sante mantal gratis. Pale avèk yon konseye nan telefòn, nan mesaj tèks oswa tchat epi jwenn aksè nan sèvis sante mantal ak sèvis sou itilizasyon dwòg nan plis pase 200 lang, 24 sou 24, 7 jou sou 7 ak 365 jou sou 365. Gen èd disponib nan telefòn, tèks oswa tchat! Pou plis enfòmasyon, al gade nan: <https://nycwell.cityofnewyork.us/en/>
- **NYS COVID-19 Èd emosyonèl nan telefòn:** Nou ka jwenn yon konseye sante mantal nan 1-844-863-9314.

Sèvis Sante ak Sèvis Sante Mantal yo pou jèn yo

- **Sant Sante pou Adolèsan Mon Sinayi:** Pòt yo rete ouvè soti lendi jiska samdi pou tout jèn ki bezwen sèvis. 212-423-3000
- **Covenant House:** Pòt yo rete ouvè 24 sou 24, 7 jou sou 7 pou jèn ki sanzabri yo. Rele nan 212-613-0300 oswa vizite www.covenanthouse.org

Sèvis Sante LGBTQ ak sèvis Sante Mantal

- **Gid Pwojè Inite LGBTQ + COVID-19 nan Vil Nouyòk:** Pou dènye enfòmasyon sou plis pase 100 pwogram ak sèvis k ap defann dwa kominote LGBTQ+ la ki toujou ouvri a distans ak fas-a-fas atravè Vil Nouyòk, al gade nan [Gid Resous Pwojè Inite LGBTQ + COVID-19 nan Vil Nouyòk](#)
- **Pwojè Trevor:** Yon liy apèl konfidansyèl dirèk gratis 24 èdtan pa jou pou jèn LGBTQIA ki konn anvi touye tèt yo. Konseye ki kalifye yo disponib pou sipòte w 24/7. Si w se yon jèn ki ap fè fas ak yon kriz, ou santi w anvi touye tèt ou, oswa ou bezwen yon kote ki p ap jije w pou chwa w pou pale, rele TrevorLifelinekounya nan [1-866-488-7386](tel:1-866-488-7386) oswa vizite [Pwojè Trevor](#).
- **Klinik Sante Callen-Lorde:** Pwogram pou vizite moun ki gen sentom ann ijans yo oswa pou jwenn swen fas-a-fas pral disponib soti lendi pou rive vandredi, apati 9è nan maten jiska 3è nan apremidi, men yo pral egzamine moun ki malad yo nan telefòn. Yo pral rele nan telefòn moun ki te sou pwogram pou randevou nòmal yo, nan jou yo te ba yo randevou a. Yo p ap resevwa nouvo pasyan nan moman sa a. Famasi ap ouvè depi 9è nan maten pou rive 5è nan apremidi soti lendi jiska vandredi nan Chelsea ak nan Bronx, men moun ki bezwen preskripsyon yo ka fè pote l pou yo grasa sèvis livrezon gratis ki nan Callen-Lorde la. Al gade nan www.Callen-Lorde.org
- **Covenant House:** Pòt yo rete ouvè 24 sou 24, 7 jou sou 7 pou jèn ki sanzabri yo. Rele nan 212-613-0300 oswa al gade nan www.covenanthouse.org
- **Klinik H.E.A.T:** Klinik la pral rete ouvri epi disponib pou reponn kesyon oswa enkyetid ou genyen yo nan telefòn nan nimewo (718) 613-8453.

- **Sant pou omoseksyèl:** Gen yon ekip enfòmasyon ak oryantasyon k ap jere gichè a distans(vityèl) depi 9è nan maten jiska 10è diswa, soti lendi pou rive samdi nan 212-620-7310. Vizite www.gaycenter.org
- **Trans Lifeline:** Trans Lifeline bay sipò patnè epi kapab ede gen aksè ak plizyè lajan ijans ak resous èd mityèl nan zòn kote nan epi sou teritwa nasyonal la. Kontakte yo nan 877-565-8860 Vizite: www.translifeline.org
- **Immigration Equality:** Sèvis telefonik sèlman pou moun ki nan prizon 917-654-9696. Yo ouvè depi 9è30 nan maten pou rive 5è30 nan apremidi. Soti lendi pou rive vandredi. Demann jeneral yo ak lòt èd jiridik: 212-714-2904. Yo ouvè depi inè (1:00) nan apremidi jiska katrè (4:00) nan apremidi soti lendi pou rive mèkredi epi depi dizè nan maten (10:00 am) pou rive inè nan apremidi (1:00 pm) chak vandredi. Al gade nan www.immigrationequality.org

[Retounen anwo nan Paj la](#)

Èd pou itilize sèvis swen sante a Distans

Sèvis sante a distans se lè w jwenn swen sante oswa terapi sou telefòn ou, tablèt ou, oswa odinatè w, olye w rankontre w ak moun ki konn ba w sèvis sosyal ou genyen an, ak avoka w la, oswa ak moun ki konn ba w swen sante a fas-a-fas. Pandan COVID-19 la, anpil moun jwenn sèvis yo pa mwayen sèvis swen a distans yon fason pou kontribye nan dimiyè risk ki genyen pou gaye oswa pou trape viris la.

Gade nan [Konsèy sou swen sante a distans](#), sa yo se sa fanmi nan vil Nouyòk ak moun k ap bay sèvis yo te mete sou pye, yon fason pou yo te ka reponn ak kesyon moun konn poze pi souvan yo epi pou ede w pi byen pwofite randevou swen sante a distans ou yo. Ou pral jwenn enfòmasyon sou [fason pou w konfigire aparèy ou a](#), [sou fason pou w prepare w pou yon seyans a distans](#), elatriye. Resous sa a disponib nan onz (11) lang.

[Retounen anwo nan Paj la](#)

Jwenn pwogram pou kenbe kò a an sante

Rete aktif epi an sante enpòtan, menm lè n rete lakay nou. Youn nan gwo posibilite w genyen se fòmasyon sou egzèsis anliy gratis:

- [Fòmasyon sou Egzèsis sou Anliy Gratis:](#) YMCA gen fòmasyon egzèsis gratis anliy.

[Retounen anwo nan Paj la](#)

Itilizasyon Dwòg ak Alkòl

Evènman ki bay estrès tankou pandemi COVID-19 la ka gen efè sou fason moun bwè alkòl ak sou fason yo sèvi ak dwòg. Moun yo ka bwè plis alkòl epi sèvi ak dwòg pi souvan paske yo pèdi travay yo, yo pèdi yon moun ki te enpòtan pou yo, yo ka fè sa paske yo santi yo pa byen oswa yo santi yo pa ka fè anyen ankò pou fè fas ak sitiyasyon an.

Anpil moun ki gen kèk risk nan domèn sante pran plezi bwè alkòl pou yo ka fè fas ak sitiasyon ki bay strès yo, sa ka fè l vin pi difisil pou yo kontwole oswa mete limit nan kantite alkòl y ap itilize. Annik reflechi sou kantite alkòl ou konn bwè ka ede w kontwole kantite alkòl ou dwe bwè ki pap anpeche w ret an sante. Tanpri gade nan [gid pou DOHMH NYC](#) sa a pou w ka jwenn bonjan enfòmasyon sou itilizasyon alkòl (tradiksyon disponib) [la a](#).

NYC DOHMH pibliye tou konsèy sou sekirite sou itilizasyon dwòg pandan COVID-19 ki gen lye an [la a](#) ak tradiksyon disponib:

- [COVID-19: Konsèy pou Moun ki Itilize Dwòg](#)
- [Fè fas ak yon eksè nan medikaman pandan pandemi COVID-19 la](#)
- [Kòman nou ka jwenn yon tretman pou twoub ki makonnen ak itilizasyon opyoyid pandan pandemic COVID-19 la lakay nou](#)
- [Konsèy sou estoke medikaman yon kote ki an sekirite ak sibstans nou ka itilize pou detann nou pandan COVID-19 la](#)

Vil Nouyòk gen anpil sèvis gratis epi nan pri ki fèb pou moun k ap fè fas ak eksè nan dwòg ak nan alkòl. Pou jwenn plis resous anplis de lis ki pi ba a, ou ka rele nan Vil Nouyòk 24è sou 24, 7 jou sou 7 nan [1-888-NYC-WELL](#) (1-888-692-9355) oswa vizite [NYC Well](#) sou entènèt.

Jwenn Èd

- **Biwo Nouyòk pou Sèvis Adiksyon ak Sipò (NY Office of Addiction Services and Supports, OASAS):** Jwenn yon bon pwogram pou tretman dwòg ak alkòl grasa [Lokatè tretman pou depandans](#). Tretman adiksyon ak sèvis rekipasyon kontinye rete disponib pandan pandemi COVID-19 la. Kit ou bezwen pale oswa ou santi w ap kite oswa replonje, pwofesyonèl ki kalifye OASAS finanse atravè Eta Nouyòk yo disponib nan telefòn/vidyo oswa ak yon distans ki an sekirite fas a fas. Pou jwenn èd 24 sou 24, 7 jou sou 7 ak adiksyon, itilizasyon dwòg, oswa jwèt aza, rele nan [877-846-7369](#), tèkste [HOPENY](#) (467369), oswa [vizite OASAS](#) pou w kapab li plis.
- **Reyinyon a distans ak moun ki alkolik yo san yo pa bezwen bay non yo:** Pou tout reyinyon a distans ak moun ki alkolik yo san yo pa bezwen bay non yo, al gade nan [NY Intergroup](#).

[Retounen anwo nan Paj la](#)

Kachnen

Sekirite

Tanpri sonje timoun ki gen mwens pase 2zan yo pa ta dwe pote kachnen an twal. [Akademi Ameriken pou Pedyatri pibliye konsèy ki itil sou fason pou pwoteje timoun yo lè yo mete kachnen](#) ak kèk lide sou fason pou ankouraje timoun yo mete kachnen lè sa nesèsè.

Fè l Poukont ou

Kachnen pa oblije vann chè epi fè kachnen kapab yon plezi!

- [CDC bay enstriksyon](#) sou fason pou itilize kachnen, avèk enstriksyon sou fason pou l koud oswa sou posibilite pou l fèt san koud.
- Videyo sa a [ki nan New York Times](#) montre kijan pou itilize yon vye mayo pou fè yon kachnen an twal (san w pa oblije koud).
- Men yon lòt [egzanp ki fasil, san kouti](#) (epi lyen ki sou sit yo bay lòt egzanp sou fason w ka eseye degaje w ak timoun yo nan kay la).

[Retounen anwo nan Paj la](#)

Sipò pou paran ak moun k ap bay swen yo

[Plan pou pitit ou pou sizoka w ta malad:](#) Byenke paran yo ka enkyete yo lè y ap panse ak posibilite pou yo tonbe malad, si sa rive w, ou ka jwenn soulajman lè w pale ak zanmi w ak fanmi w konsènan planifikasyon w fè pou pitit ou. Ou ka asire sekirite pitit ou lè w fè aranjman ak yon granmoun ki responsab pou pran swen pitit ou a pou sizoka w ta vin malad anpil epi w pa ka pran swen yo oswa pou si w ta bezwen ale lopital. Paran yo ka fè plizyè aranjman, sa depann de sitiyasyon fanmi w. Nou rasanble kèk konsèy ki konsène 1) moun ki fè demann nan, 2) ki jan yon plan ta dwe fonksyone, ak 3) sou komunikasyon.

Pou Fanmi ki gen Bèt Lakay yo: Gwoup k ap Jere l'jans nan Vil Nouyòk ak Gwoup k ap travay sou jesyon bèt yo mete sou pye yon liy telefòn COVID-19 pou bèt nan kay pou moun ki gen bèt ki trape COVID-19 la epi ki bezwen èd. Rele nan [\(877\) 204-8821](#), ouvri chak jou nan semenn nan depi 8è nan maten pou rive 8è nan aswè. (Gade tilivi la ann [Anglè](#) oswa ann [Espanyòl](#))

Lè lekòl fèmen epi timoun yo ret lakay, sa ka lakoz kèk paran vin gen plis estrès. Men kijan paran yo ka pa estrese ankò:

- [Paran ki Vrèman gen Konsyans yo](#)
- [Teknik pou Respirasyon Pwofon](#)

Piske nou rete lakay nou pandan anpil tan pou ede nan anpeche COVID-19 la gaye, fè travay nou antanke paran ka difisil anpil.

- Men kèk [konsèy pozitif pou paran](#) pou ede yo rete kalm pandan yo nan kay la.
- Gade tou, [Resous ak Konsèy sou Kowonaviris pou Paran yo, Timoun yo ak Lòt](#)
- Konsèy pou [Fè fas ak Nouvo Bebe](#) Pandan COVID-19 la
- Resous pou [Soutni byennèt emosyonèl timoun yo](#) pandan pandemi COVID-19 la
- [Konsèy Biwo Nouyòk pou Sèvis Adiksyon ak Sipò \(NY Office of Addiction Services and Supports, OASAS\)](#) sou fason pou jere estrès ak Prevansyon sou move itilizasyon dwòg pandan COVID-19 la.

Gen anpil paran k ap chèche konsèy sou ki jan pou yo pale ak pitit yo sou COVID-19 la. Pi ba a n ap jwenn kèk videyo ak kèk fich aktivite ki vrèman itil.

- [PBS:](#) Li atik sa a PBS Pou Timoun ki bay bonjan konsèy sou kijan pou yo pale ak timoun sou COVID-19 la.
- [Ri Sesame:](#) Zanmi nou yo nan Ri Sesame (Sesame Street) mete sou pye yon gid sou fason w ka pale sou COVID-19 la ak jèn pitit ou yo.

- **Enpòtans lave men:** Ri Sesame kreye kèk paj kolore pou distraksyon ki ka enprime pou anseye timoun yo fason pou yo lave men yo pazapa.

Chèche kèk aktivite pou distraksyon ak edikasyon pou pitit ou pandan w anndan lakay ou.

- **Biblyotèk kominotè nan Bwouklin:** Pwogram a distans pou timoun tout laj, sa gen ladan: yoga, blag, enpwovizasyon ak lòt ankò.
- **Mize pou Timoun nan Manatann:** Ou ka pa kapab vizite mize pou timoun yo, men poukisa w pa mete l anndan lakay ou? Al gade sit entènèt mize pou timoun yo nan Manatann pou w ka jwenn kèk ide sou fason pou w ranpli jounen pitit ou a grasa yon seri aktivite ki pèmèt moun patisipe. Gen aktivite pou chak jou nan semenn nan!
- **Mize atistik pou Timoun:** Gade videyo sa yo Mize Boza pou Timoun yo bay epi aprann ki jan pou w fè kèk aktivite atistik nouvo ak bagay ou gen lakay ou: flè, pakin nan, maryonèt. Gen yon bagay pou tout moun!
- **Egzèsis Disney:** Disney bay seyans egzèsis gratis pou fanmi ak zanmi, epi sa ka fè w swe menmsi w pa janm soti lakay ou.
- **Salklas tanporè nan Lincoln Center:** Chak jou, pi gwo atis ak edikatè nan monn nan mete sou pye epi dirije yon seri nouvo aktivite. Chak jou, nan chak kou y ap bay an dirèk, yo pral mande pou sèvi ak bagay senp ki nan kay la pou ede fanmi yo ak timoun yo dekouvri yon bann aktivite boza.
- **NYC Parks:** Pandan w kenbe distans sosyal ou e/oswa w rete lakay ou, vin rankontre avèk nou nan pak yo - sou entènèt. Rankontre avèk nou pandan n ap fè wonn pak yo an dirèk, jwenn avè n nan meditasyon, nan egzèsis fizik, nan klas atistik, aktivite distraksyon pou timoun, elatriye!
- **Scholastic:** Scholastic te kreye yon lis ki chaje ak aktivite amizan epi gratis pou timoun yo fè lakay.
- **Senaryo anliy:** Gen yon biblyotèk dijital ki gen plizyè douzèn liv pou timoun; anpil aktè ki popilè li yo, sa gen ladan Oprah Winfrey.
- **Kan d ete Hub:** Yon gid pou kan d ete sou entènèt ki bay anpil kalite aktivite tankou wobotik, matematik, atistik, lekti, ekriti ak plis bagay toujou.
- **Jounal Time for kids** bay fason pou gen aksè ak achiv dijital li a. Istwa yo koresponn ak Klas Jadendanf jiska 6yèm klas epi yo gwoupe yo selon nivo klas la. Yo fè yo pou anseye timoun sou monn ki toutotou yo epi kreye jounal televize.

ACS ofri kay ak sipò nan kominote a (kounye a nou fonksyone a distans epi sou entènèt) ki la nan objektif pou satisfè bezwen fanmi w yo.

- **Sèvis Prevansyon: Sèvis Prevansyon** ede fanmi yo kenbe timoun yo an sekirite nan kay la. Sèvis sa yo gratis, yo volontè, epi yo disponib nan tout katye nan NYC pou ede fanmi ki gen timoun ak bebe, timoun ki gen laj pou ale lekòl, adolesan ak jèn. Yo mete sèvis yo nan objektif pou konble bezwen moun yo e sa ka gen ladan ede paran ak moun k ap bay swen yo avèk difikilte yo genyen tankou: maladi mantal, dwòg, vyolans nan kay, timoun yo abize oswa ki an danje, ak bezwen medikal espesyal; epi yo ede fanmi yo jwenn bonjan sipò ki la pou ede w nan lojman, swen pou timoun, ak lòt bezwen debaz. Tanpri voye yo imèl bay **OPTA@acs.nyc.gov** pou plis enfòmasyon epi pou w ka jwenn pwogram ki koresponn ak fanmi w lan.

- **Pwogram Evalyasyon Fanmi (FAP): [Pwogram Evalyasyon Fanmi \(Family Assessment Program, FAP\)](#)** an ede fanmi ki gen adolesan jiska laj 18 tan k ap fè fas ak difikilite chak jou. FAP ap travay pou ranfòse fanmi yo, redui mezantant, epi ede fanmi yo jere pwoblèm yo genyen tankou lè yon timoun sove kite kay la, rate jou lekòl, pran dwòg oswa bwè alkòl, oswa move konpòtman ki reprezante yon danje. Sèvis FAP yo volontè, epi chak fanmi kapab resevwa yon evalyasyon espesyal avèk yon travayè sosyal ki espesyalize nan rezoud pwoblèm anndan fanmi.

Biwo FAP nou yo fèmen kounye a pou moun vini, nou kapab fè evalyasyon ak demann yo nan telefòn epi/oswa videyo. Nou ede fanmi yo jwenn sèvis terapi ki baze sou bonjan prèv ak òganizasyon kominotè. Tanpri kontakte FAP nan imèl FAPinquiry@acs.nyc.gov ak nan telefòn:

- Biwo nan Bronx: 718-664-1800
- Biwo nan Brooklyn: 646-584-5178 / 347-907-0464 / 646-584-8935
- Biwo nan Manhattan: 212-341-0012
- Biwo nan Staten Island 718-720-0418 / 646-276-4170
- Biwo nan Queens: 646-599-3308 / 718-725-3244

Nou reponn imèl ak telefòn yo soti lendi pou rive vandredi depi 9è nan maten rive 5ènan apre midi, epi n ap retounen tout mesaj yo.

[Retounen anwo nan Paj la](#)

Resous ak èd pou adolesan yo

Menmsi ou an sante, ou kapab toujou simaye COVID-19 bay lòt moun ki ka vin malad grav. Rete lwen lòt moun epi fè travay lakay ou se pi bon fason pou rete konekte epi montre w gen sousi pou kominote a kounya.

Erezman, ou kapab jwenn plizyè fason pou rete konekte epi [w ap amize w toutpandan w rete lakay ou](#).

Adolesan ki ap Fè Fas ak COVID: Rete kwense lakay ou se yon bagay ki anmèdan. Petèt sa ka nwi w paske w pa ka ale lekòl, amize w ak zanmi w yo epi kèk nan nou kapab fatige siveye sou frè ak sè nou yo. Moun lakay ou an kapab ap pale fò, sou ou ak sou youn lòt. Ou kapab gen kèk kesyon sou COVID-19 oswa lòt pwoblèm sante yo. Oswa ou ka jis bezwen jwenn yon moun pou w pale! Bon nouvèl la se, gen [anpil sèvis ak èd ki disponib pou jèn yo](#).

[Retounen anwo nan Paj la](#)

Koneksyon nan kominote w la

Jwenn Sant Anrichisman pou Fanmi (FEC): ACS asosye ak òganizasyon kominotè nan twa katye pou l bay Sant Anrichisman pou Fanmi (Family Enrichment Centers, FECs), ki se kote ki bay bonjan akèy epi ki fè w santi w lakay ou, ki bay anpil avantaj pou kominote a epi ansanm ak kominote a. FECs ap bay kounye a referans ak sipò a distans, epitou li bay kèk moun resous ann ijans fas-a-fas. Tanpri kontakte FEC nan kominote w la pou jwenn plis enfòmasyon.

The C.R.I.B. nan East New York
Lè Biwo a ouvri: Nou fonksyone a distans
646-477- 6780 oswa thecrib.enyfec@gmail.com
thecrib.enyfec.org
2779 Atlantic Avenue, Brooklyn, NY 11207

Circle of Dreams nan Highbridge
Lè Biwo a ouvri: Madi, Mèkredi, Vandredi / 11è a.m. pou 2è p.m. epi nou fonksyone a distans 718-618-5559
acamacho@childrensvillage.org
266 E. 165th St., Bronx, NY 10456

O.U.R. Place nan Hunts Point/Longwood
Lè Biwo a ouvri: Lendi – Vandredi / 2è pou 4è p.m. epi nou fonksyone a distans 917-945-1152
ourplacefec.graham-windham.org
940 Garrison Avenue, Bronx, NY 10474

Patenarya Kominotè yo: ACS mete 11 gwoup planifikasyon nan kominote a ki fè reyinyon chak mwa. Kounye a, yo fè reyinyon sou entènèt epi yo voye imèl pou planifye epi pou ka bay fanmi yo referans. Gen kèk nan patenarya yo ki bay moun resous ann ijans fas-a-fas. Jwenn enfòmasyon sou kontak ak lè biwo Patenarya ki nan kominote a ouvri [isit la](#) epi pi ba a.

Bedford-Stuyvesant Lè Biwo a ouvri: Nou fonksyone a distans 347-365-3852 www.bedstuycpp.org info@bedstuycpp.org	Highbridge Lè Biwo a ouvri: Lendi pou Vandredi 10AM-3PM 718-293-4352 bridgebuilderscpo@gmail.com
Bushwick Lè Biwo a ouvri: Nou fonksyone a distans 718-497-6090 ekstansyon 766 (Lendi, Jedi) 718-497-6090 ekstansyon 793 (Madi, Mèkredi, Vandredi) www.bushwickcommunitypartnershipny.org bushwickcpi@gmail.com	Chèltè Lè Biwo a ouvri: Nou fonksyone a distans 917-514-1710 oswa 646-464-2036 www.huntspoint.org/community-partnership hpcommunitypartnership@hpac10474.org
East Flatbush Lè Biwo a ouvri: Nou fonksyone a distans 718-758-7802 EF@cpp.jccany.org	Jamayik Lè Biwo a ouvri: Nou fonksyone a distans 718-526-2400 x 2018 oswa 917-589-3851 jamaicapartners@shelteringarmsny.org
East Harlem Lè Biwo a ouvri: Nou fonksyone a distans	Mott Haven

<p>646-345-3614 oswa 929-431-7798 eastharlemcpp@unionsettlement.org</p> <p>East New York Lè Biwo a ouvri: Nou fonksyone a distans 877-827-7369 eastnycpp@gmail.com</p> <p>Elmhurst Lè Biwo a ouvri: Nou fonksyone a distans 718-523-6868 ekstansyon 103 ECP@mediatenyc.org</p>	<p>Lè Biwo a ouvri: Nou fonksyone a distans 347-441-0785 oswa 914-529-1150 Motthavenpartnership@gmail.com</p> <p>Staten Island (North Shore) Lè Biwo a ouvri: Nou fonksyone a distans 917-485-7710 www.sicpp.com SICPPInfo@nyfoundling.org</p>
--	---

[Retounen anwo nan Paj la](#)